karya pakuwon mungging. hal.59  
tepining ra ara.  
Tarwiyah sing gapura.  
kyana patih awot sari.  
alon aturnya.  
pukulun sri bupati.
62. Ulun sampun utusan niti pariksa.  
matitisaken warti.  
kawula anggantya.  
mantri ingkang mariksa.  
aturira dereng dugi.  
kasaru duta.  
prapta ngarsa wot sari.
63. Sigra matur ing purwa madya wusana.  
anukma mengsah kardi.  
wus katur sadaya.  
sasolah tingkahira.  
miwiti malah mekasi.  
katur ing patya.  
estu sri narapati.
64. Sri Cingkara sispun makuwon Tarwiyah.  
  
arsa umagut jurit.  
mring paduka nata.
- sesuanyanya telah menempati wisma.  
yang telah tertata.  
Ganti yang diceritakan.
- Sementara Sang Prabu Raja Gandana.  
sedang dihadap pada waktu hari Senin.  
oleh para punggawa.  
rakryan patih di depan.  
raja berbicara.  
wahai patih engkau.  
apakah telah mendengar khabar.
- bahwa raja Kalacingkara beserta saudaranya.  
membuat peristirahatan.  
di tepi padang.  
Tarwiyah yang bergapura.  
rakryan patih berkata sopan  
pelan-pelan nada bicaranya.  
tuanku raja.
- Hamba telah mengutus untuk meneliti.  
memastikan kabar.  
kini hamba menunggu.  
mantri yang memeriksa.  
belum selesai pembicaraannya.  
terhenti oleh duta (utusan)  
datang dengan sikap sopan.
- segera menceritakan dari awal sampai akhir.  
keadaan dan perbuatan para musuh.  
telah diceritakan semuanya  
semua perbuatan dan tingkah lakunya.  
dari awal sampai akhir.  
dilaporkan pada patih.  
benar tuanku raja.
- Sri Cingkara telah membuat peristirahatan  
di Tarwiyah.  
bermaksud menantang perang.  
pada paduka raja.

- sampun angrakit wadya.  
sri bupati duk miyarsi.  
kalangkung duka.  
jaja lir wora-wari.
65. Sumung-sumung wadana bang angutirah.  
kamedut ingkang lathi. hal. 60  
andik tingalira.  
asru wijiling sabda.  
eh patih karya nuli.  
kuwu kulonya.  
Tarwiyah dipun aglis.
66. Kyana patya wot sari matur sandika.  
  
jengkar sri narapati.  
kyana patih sigra.  
dhawah karya wangunan.  
ginelak tan dangu dadi.  
ingkang wangunan.  
atur uningeng aji.
67. Sri Gandana raja gya ngrasuk busana.  
kapraboning ngajurit.  
angagem makutha.  
mangkang nyothe curiga.  
miyos mungging pancaniti.  
patih neng ngarsa.  
ngandika sri bupati.
68. Lah ta patih enggal nuli ngundhanga.  
marang sagung bupati.  
lan mantri punggawa.  
pangulu pra ngulasa.  
sira pundhuta tumuli.  
bende pusaka.  
Kyai Slamet den aglis.
69. Kyana patya lampahira sigra-sigra.  
tan dangu prapteng ngarsi.  
tur sembah apatya.
- bahkan telah menyiagakan para prajurit.  
Sri Bupati ketika mendengar.  
sangat marah.  
dadanya bagaikan membara.  
  
merah padam wajah merahnya.  
berdenyut lidahnya.  
tajam dan garang penglihatannya.  
dengan lantang berbicara.  
wahai patih segera buatlah  
benteng di sebelah barat.  
Tarmiyah dengan cepat.  
  
dengan santun rakryan patih menyatakan  
bersedia.  
sepeninggal raja.  
rakryan patih segera.  
memerintahkan membuat bangunan.  
dipercepat tidak lama telah jadi.  
bangunan itu.  
dan memberitahukan kepada raja.  
  
Sri Gandana yang segera memakai.  
perlengkapan keprajuritan.  
memakai mahkota.  
siaga menyimpan keris.  
keluar dari balai penghadapan.  
patih di depan.  
raja berbicara.  
  
hai patih segera kumpulkanlah.  
para bupati.  
mantri dan para punggawa.  
penghulu serta alim ulama.  
demikian pula segera ambillah.  
bende pusaka.  
Kyai Slamet dengan segera.  
  
Dengan sigap rakryan patih melaksanakan.  
tidak lama telah kembali menghadap  
patih menghaturkan sembah.

- bekta bende pusaka.  
ngandika sri narapati.  
patih undangna.  
miring sagung wadya mami.
70. Pra dipati tumenggung mantri punggawa.  
tanapi pra prajurit.  
pangulu ngulama.  
sun arsa mapak yuda.  
marang Tarwiyah saiki.  
kya patih sigra.  
dhawah dhateng bupati.
71. Munya umyung tengaranireng ngayuda.  
bendhe kendhang gong beri.  
gong manguru gangsa.  
tetek kadya butula.  
awor pangriking kudesthi.  
kapayarseng wiyat.  
pra dewa aningali.
72. Ngudunaken rum arum saking ngawiyat.  
sagung kang sori-sori.  
burat gandawida. hal. 62  
lara setu cendana.  
ngastuti kang puji-puji.  
unggula ing prang.  
kasihira Hyang widi.
73. Wangwang bidhal sri maha Gandana raja.  
lan sagung pra dipati.  
kang dadya pangarsa.  
kyai patih Surasastra.  
nitih dipangga ngajrihi  
angirit bala.  
ingayap para mantri.
74. Kang sumambung senapati ingayuda.  
dipati Surengtulis.
- sambil membawa bende pusaka.  
raja bersabda.  
patih katakanlah.  
kepada seluruh prajurit dan sekutuku.
- Adipati Tumenggung mantri dan para punggawa.  
tidak ketinggalan para prajurit.  
penghulu serta ulama.  
bahwa aku hendak saja berperang.  
sekarang juga di Tarwiyah.  
rakryan patih segera.  
memberikan perintah pada para bupati.
- Bergema suara pertanda peperangan.  
bende, kendang, gong dan beri.  
bunyi gong bertalu-talu.  
bagaikan membelah gendang telinga.  
bercampur dengan ringkikan kuda dan gajah.  
membahana hingga di langit.  
para dewa yang melihat.
- menjatuhkan wewangian dari angkasa.  
semua bidadari.  
dibarengi bau harum.  
dari dupa dan cendana.  
disertai puja dan puji.  
agar unggul di peperangan.  
kekasih dari Hyang Widi.
- kemudian berangkat sri maharaja Gandana.  
bersama seluruh para bupati.  
yang menjadi pemimpin.  
Rakryan Patih Surasastra.  
dengan mengendarai gajah yang menakutkan.  
memimpin para prajurit  
diapit oleh para mantri
- Senapati perang selanjutnya adalah.  
Adipati Surengtulis.

- anitih aldaka.  
singatira kancana.  
sembada lawan ingkang nitih.  
angirit bala.  
prajurit tanpa wilis.
75. Kang nambungi sagungnya para bupatiya.  
ingayap para mantri.  
satelasnya para.  
bupati lan punggawa.  
ing wuri jeng sri bupati.  
anitih rata.  
busana sarwa adi.
76. Ginarebeg para pangulu ngulama.  
tanapi ketip modin.  
sapanekarira.  
busana warna-warna.  
ginelak lampahing baris. hal. 63  
tan kawarna.  
ingenu sampun prapti.
77. Parereman Tarwiyah ing ara-ara.  
kareka kadya puri.  
langkung pelakira.  
wawangunaning pura.  
kinubeng para bupati.  
mantri punggawa.  
pinernah urut pinggir.
78. Lajeng pacak baris kang para punggawa.  
tuwin mantri prajurit.  
sang nata sanewa.  
lenggah neng tratak rambat.  
ingayap para bupati.  
rame tabuhan.  
wor suraking jalmi.
79. Surak awor gunar beri mawurahan.  
bedhug bendhe tinitir.
- dengan mengendarai banteng.  
yang bertandukkan emas.  
sesuai dengan pengendaranya.  
yang memimpin para prajurit.  
tanpa terhitung jumlahnya.
- dibelakangnya seluruh para bupati.  
diikuti para mantri.  
setelah itu.  
bupati dan punggawa.  
di belakang raja.  
mengendarai kereta.  
berbusana serba indah.
- dikelilingi para penghulu dan ulama.  
tidak ketinggalan ketip dan modin.  
beserta bawahannya.  
dengan berbagai macam warna busana.  
dipercepat jalannya pasukan.  
tidak diceritakan.  
sampailah sekarang.
- di peristirahatan padang Tarwiyah.  
yang dibangun seperti istana.  
sungguh sangat persis.  
dengan bangunan istana.  
dikelilingi para bupati.  
mantri dan punggawa.  
tertata berjajar di tepi.
- Para punggawa lalu menata pasukan.  
demikian pula mantri dan prajurit.  
raja dihadap.  
duduk di singgasana.  
dikelilingi para bupati.  
ramai bunyi tetabuhan.  
diselingi sorak sorai manusia.
- Bersorak bergemuruh menggemakan berpadu  
suara gong beri.  
bedug bende bertalu-talu.

- karengeng kuwunya.  
 narapati Kalana.  
 geger ingkang wadya alit.  
 panyananira.  
 mengsah anukup jurit.
80. Sri Kalana raja animbali sigra.  
 kang rayi narpa kalih.  
 datan dangu prapta.  
 kang raka sru ngandika.  
 yayi ngambila tumuli. hal. 64  
 bendhe pusaka.  
 Ki Dhandhangelak den aglis.
81. Prabu Kalakarna lan Kalalocana.  
 kalihnya malbeng puri.  
 arsa angambila.  
 bendhe lawan bandera.  
 tan dangu prapta ing ngarsi.  
 sinungken sigra.  
 mring mantri ngayun gipih.
82. Mantri ngarsa katri sareng wedalira.  
 nulya parentah aglis.  
 kinen atengara.  
 ambendhe kyani patya.  
 Kyai Dhandhangelak tinitir.  
 kapyarseng wadya.  
 buseken para amantri.
83. Pra bupati sadaya nembang tengara.  
 kendhang gong lawan beri.  
 gong maguru gangsa.  
 buceken madya bala.  
 prajurit samya miranti.  
 astraning yuda.  
 medal atata baris
- sangat ramai di tempat.  
 raja Kalana.  
 sehingga gempar para prajurit.  
 dikiranya.  
 musuh memulai peperangan.
- Raja Sri Kalana segera memanggil.  
 kedua adiknya.  
 tidak lama telah hadir.  
 kakaknya berkata lantang.  
 adik segera ambillah.  
 bende pusaka.  
 Kyai Dhandhangelak dengan segera.
- Prabu Kalakarna dan Kalalocana.  
 keduanya memakai istana.  
 bermaksud mengambil.  
 benda dan bendera.  
 tidak lama sampai dihadapan.  
 perintahkan segera.  
 pada para santri segera menghadap.
- ketiga mantri utama bersama-sama keluar.  
 dan segera memerintahkan.  
 untuk memberikan aba-aba.  
 Rakryan patih memukul bende.  
 Kyai Dhandhangelak bertalu-talu.  
 sehingga terdengar para prajurit.  
 sekonyong-konyong para mantri.
- para bupati semua melantunkan aba-aba.  
 genderang, gong dan gong beri.  
 bunyi gong membahana.  
 bersiaplah para prajurit dan sekutu.  
 semua prajurit menanti.  
 jalannya peperangan.  
 keluar menata pasukan.
- berhadap-hadapan pasukan musuh dengan  
 teman.

sawang sinawang sami.  
 sang nata wus lenggah.  
 mungging tratak wangunan.  
 pra dipati mungging ngarsi. hal. 65  
 samya gambira.  
 ngantya dhawahing gusti.

85. Mus andhedheg barisnya wadya manungsa.

mangetan ajeng neki.  
 kang wetan rasasa.  
 samya bek sura.  
 gambuh punggawa mantri.

saling memandang  
 raja telah duduk.  
 di bangunan beratap.  
 para adipati didepan.  
 sangat gembira.  
 menantikan perintah raja.

sudah penuh tertata barisan prajurit  
 manusia.  
 menghadap ke arah timur.  
 raksasa berada di sebelah timur.  
 semua bertabiat liar dan berani.  
 sesuai dengan punggawa dan mantri.

#### IV. Gambuh (85)

1. Sibra amit umagut.  
 Kalabudi dur ametu pupuh.  
 wusing ngiden mangsah ditya Kala budi.  
 anith jenggira agung.  
 prapteng ngrana nguuwuh mungsoh.

2. Lah endi andelipun.  
 ratu jalma metonana pupuh.  
 papagen ayudane si Kalabudi.  
 ya iki lelurahipun.  
 kang tinut sagung tyas awon

3. Lamun kasoran insun.  
 pasthi sagung tyas dur padha nungkul.  
 wedi giris kekes atine angucir.  
 suraning ngudi rahayu.  
 tan betah myarsa mit miyos.

4. Wusing ngiden gya magut. hal. 66  
 nitih kuda sarta mandhi lawung.  
 prapteng ngrana wus ayun-ayunan kalih.  
 Kalabudi bertanya lantang

segera pamit berperang.  
 kalabudi yang jahat keluar bereporang  
 sesudah diberi izin raksasa kalabudi maju  
 mengendarai harimau besar  
 sampai di medan perang menantang musuh

disanakah andalannya.  
 raja manusia keluarlah di peperangan.  
 hadanglah perangnya si Kalabudi.  
 inilah pemimpinnya.  
 yang diturut segenap hati jahat.

jika saya kalah.  
 pastilah semua hati jahat akan tanduk.  
 takut ngeri khawatir hatinya hilang.  
 keberaniannya mencari selamat.  
 tidak betah mendengarnya kemudian minta  
 diri untuk keluar.

sesudah diberi izin segera maju berperang.  
 mengendarai kuda serta menggenggam tombak.  
 tiba di medan perang sudah berhadapan-hadapan  
 keduanya.

- Kalabudi tatanya sru.  
apa ta sira sang katong.
5. Sri Gandana sang prabu.  
anauri tyas ambek rahayu.  
ingsun dudu Sri Gandana aji.  
ingsun tyas basuki putus.  
ingandel marang sang katong.
6. Kalabudi sru muvus.  
sarta senggak lah mundura kacung.  
tanpa gave sira mapak yuda mami.  
sun eman randa rabimu.  
Tyas Rahayu lingnya alon.
7. Aja anampik mungsuh.  
dhasar ingsun tandingira pupuh.  
lah ata apa kang ana ing sira anjing.  
kalabudi dahat bendu.  
suraking wadya gumuroh.
8. Gya Wardaya Rhayu.  
ingetap kuda sarta ngikal lawung.  
linarihen sura budi sikat nangkis.  
gya gebang ginebang dangu.  
suraking wadya gumuroh.
9. Dangu deder apeluk. hal 55  
kalihira sami kiyatipun.  
saha sami wasis nyolahken turanggi.  
buwang watang kalihipun.  
aramé kang yuda karo.
10. Semu sor titihipun.  
Surabudi tandangira rusuh.  
karepotan yudane Ki Surabudi.  
Surasebut awa dulu.  
nulya amit mring sang katong.
11. Ingiden sigra magut.  
Surasebut nitih kuda mamprung.  
prapteng ngrana arsa nalabung ing jurit.
- Kalabudi bertanya lantang.  
apakah kamu sang raja.
- Sang Prabu Sri Gandana.  
Tyas Ambek Rahayu menjawab.  
saya bukan raja Sri Gandana.  
saya Tyas Basuki Putus.  
diandalkan oleh sang raja.
- Kalabudi berkata lantang.  
serta bersemangat mundurlah anak kecil.  
tidak berguna kamu menghadangku berperang.  
saya sayangkan menjadi janda isterimu.  
Tyas Rahayu berkata pelan.
- jangan menolak musuh.  
memang saya lawanmu berperang.  
apakah yang memasuki dirimu.  
Kalabudi sangat marah.  
pasukan bersorak bergemuruh.
- Rahayu segera waspada.  
menggebrak kuda serta menggerakkan tombak.  
ditusuk Surabudi cepat menangkis.  
segera saling menangkis.  
pasukan bersorak bergemuruh.
- lama saling tusuk saling peluk.  
keduanya sama kuat.  
juga sama-sama pandai menggerakkan kuda.  
terlempar lembing keduanya.  
seru perang keduanya.
- hampir kalah.  
Surabudi tindakannya agawur.  
Ki Surabudi kerepotan olehnya berperang.  
Surasebut melihatnya.  
kemudian minta diri pada sang raja.
- diberi izin kemudian maju berperang.  
Surasebut mengendarai kuda yang cepat.  
sampai di medan perang hendak bertarung  
berperang.

- ngebut kalih kayunipun.  
Ki Kala Penginan anon.
12. Amit marang sang prabu.  
ditya raja angidenan sampun.  
sigra nitih bakarles anander prapti.  
payudan panggya Ki Sebut.  
Kala Penginan sru takon.
13. Jalma sapa aranmu.  
dene arsa nalabung ing pupuh.  
murang karama ayuda ayun ngaroni, hal. 68
- Surasebut sru sumaur  
Suratiga paraningong.
14. Balik ta sira pengung.  
saparenta rupamu lir baung.  
sru medeni matamu lir mata anjing.  
Klapenginan sumaur.  
Tukang Arepan raning ngong.
15. Ki Sebut guyu guguk.  
sarta nabda ela trka patut.  
aran sarta rupa budinira kolik.  
matamu iku sing tutur.  
tukang ngincih darbeking wang.
16. Ki Kala langkung bendu.  
ngayat gada sarta asru muwus.  
jangan banyak mulut dan banyak setori.  
kao nanti musti nyadhut.  
dari pukul kita dondros.
17. Ki Sebut narik dhuwung.  
gya ginada katangkis ing dhuwung.  
gada tusel sapaalih binuwang tebih.  
Kala Penginan angunus.  
pedhangnya sigra tumempoh.
18. Pedhang tinangkis dhuwung.  
rame denya aprang kalhipun.  
surakira ing wadya bala raseksi, bal. 69
- hendak mengeroyok dua.  
Ki Kala Penginan melihat.
- minta diri pada Sang Prabu.  
raja raksasa sudah memberi izin.  
segera naik kereta mengejar tiba.  
di medan perang bertemu Ki Sebut.  
Kala Penginan bertanya lantang.
- manusia siapakah namamu.  
sehingga hendak bertarung dalam peperangan.  
tidak tahu bersopan santun berperang  
hendak mengeroyok.  
Surasebut menjawab lantang.  
Suratiga namaku.
- kembalilah kamu tolol.  
siapakah namamu rupamu seperti beruang.  
menakutkan matamu seperti mata anjing.  
Kala Penginan menjawab.  
Tukang Arepan namaku.
- Ki Sebut tertawa terbahak-bahak.  
serta berkata lha memang cocok.  
nama serta rupa perbuatanmu serakah.  
matamu itu yang menyatakan  
tukang mengincar kepunyaan arang.
- Ki Kala sangat marah.  
mengambil gada serta berkata lantang  
jangan banyak mulut dan banyak cerita.  
kamu nanti pasti mati.  
dari pukul kita bersama.
- Ki Sebut menghunus keris.  
segera dipukul gada ditangkis dengan keris.  
gada patah separuh kemudian dibuang jauh.  
Kala Penginan menghunus.  
pedangnya segera menusuk
- pedang ditangkis keris.  
keduanya ramai dalam berperang.  
bala raksasa bersorak.

- wadya manungsa gumuruh.  
surak winor lan kendhang gong.
19. Kalawirang tetulung.  
lawan Kalabodo sarengipun.  
prapteng ngrana mantri manungsa udani.  
Ki Sura Isinan gupuh.  
kalih Sura Lantip gupoh.
20. Kalih wus samya pangguh.  
dadya sami kalihnya atempuk.  
yun ayunan aprang tanding pada siji.  
Kalawirang tandingipun.  
Ki Sura Isinan tanggon.
21. Gandarwa bodo mungsuh.  
lawan Sura Lantip tandingipun.  
sakalangkung rame denya rebut titih.  
deder dineder acaruk.  
suraking bala gumuroh.
22. Semu kasor prangipun.  
para mantri manungsa lan diyu.  
wus dilalah karsane kang murbeng dhiri.  
kasaput latri kang pupuh.  
tinetegan mundur karo.
23. Kalihnya samya mundur.  
amakwon ing dalu kawuwus.  
abujana lawan sagung pra dipati. hal. 70  
kasukan nutuk sadalu.  
karya sukaning ponang wong.
24. Enjingira winuwus.  
kalih sampun tengara prang pupuh.  
mawurahan swaraning kendhang gong beri.  
baris akalangan tepung.  
suraking bala gumuroh.
25. Barising rowang mungsuh.  
wus atata kalangan atepung.
- prajurit manusia bergemuruh.  
saraknya bercampur dengan gong dan  
kendang.
- Kalawirang menolong.  
bersama dengan Kalabodo.  
tiba di medan perang mantri manusia tahu.  
Ki Sura Isinan segera.  
dengan Sura Lantip tergopoh-gopoh
- keduanya sudah berhadap-hadapan.  
jadilah keduanya bertempur.  
berperang satu lawan satu.  
Kalawirang melawan.  
Ki Sura Isinan yang tangguh.
- Raksasa bodoh melawan.  
Sura Lantip lawannya.  
sangat ramai berebut menang.  
saling tusuk bercampur.  
dengan sorak sorai prajurit yang bergemuruh.
- hampir kalah perangnya.  
para mantri manusia oleh raksasa.  
sudah menjadi kehendak Sang Pencipta.  
perang itu tertutup malam.  
terhalangi keduanya mundur.
- keduanya bersama mundur.  
kembali ke kubunya di malam hari diceritakan.  
makan bersama segenap para bupati.  
bersuka ria semalam suntuk.  
pestantya orang-orang.
- diceritakan keesokan harinya.  
keduanya sudah memberi tanda berperang.  
bergemuruh suara kendang gong beri.  
berbaris mengepung rapat.  
prajurit bersorak bergemuruh.
- barisan musuh.  
sudah disusun mengepung rapat.

- sri narendra sampun lenggah dampar gading,  
Bupati Atap ing ngayun,  
wau sang Gandarwa katong.
26. wus lenggah mungging tarup,  
ingkang rayi kalih munggeng ngayun,  
pra dipati Atap wurinya kalih,  
punggawa kang saos pupuh,  
wus mungging ngarsaning katong.
27. Sigra amit umagut,  
wil prawira punggawa nung anung,  
wasta Kalijugul ingiden gya mijil,  
dharat mandi gadanipun,  
prapteng ngrana nguwuh mungson.
28. Lah ta sapa yun lampus,  
metonana ing kene den gupuh,  
papagena tandangingsun ingajurit. hal. 71  
pamurunging bangkit insun,  
aywa na bangkit ponang wong.
29. Yata tan betah ngrungu,  
Arya Sarjana gya amit magut,  
wusing ngiden mangsah dharat mandi bindi,  
  
prapteng payudan wus pangguh,  
sang Kalajugul sru takon.
30. Eh sapa ranireku,  
jalmi ingkang peksa sureng pupuh,  
kumawani mapak yuda mami. 5)  
sarjana asru sumaur,  
iya sarwa wignya ingwang.
31. Balik sireku pengung,  
sapa ranta dapurmu lir baung,  
panjugukmu kadya wong lanang pribadi,  
Kalabodo sru sumaur,  
Kalajugul araningong.
- Sri Raja sudah duduk di tahta gading,  
Bupati Atap di depan,  
tersebutlah sang raja raksasa,  
  
sudah duduk di bangsal sementara,  
adiknya berdua ada di depan,  
para adipati tertata di belakang keduanya,  
punggawa yang hadir perang,  
sudah berada di depan Sang Raja,  
  
segera mohon diri maju berperang,  
perwira punggawa raksasa yang sakti,  
bernama Kalijugul diberi izin segera keluar,  
jalan kaki membawa gadannya,  
tiba di medan perang menantang musuh,  
  
hai siapa yang ingin mati,  
keluarlah kesini segera,  
hadanglah tindakan saya berperang,  
yang bisa menggagalkan saya,  
jangan ada yang bisa manusia itu,  
  
tersebutlah tidak tahan mendengar,  
Arya Sarjana segera minta diri berperang,  
sesudah diberi izin maju jalan kaki membawa  
gada,  
tiba di medan perang sudah bertemu,  
Sang Kalajugul bertanya lantang,  
  
hai siapakah namamu,  
manusia yang sangat berani berperang,  
berani menghadangku,  
Sarjana berkata lantang,  
saya orang yang serba pandai,  
  
sebaliknya kamu itu tolol,  
siapa namamu rupamu seperti beruang,  
sesumbarmu seperti laki-laki sendiri,  
Kalabodo menjawab lantang  
Kalajugul namaku.

32. Ingsun papalingipun.  
 tyasing jalma arsa lantip kalbu.  
 lah ta mara apa kang aneng sireki.  
 Kalajugul ngayat gupuh.  
 gadanira gya tumempoh.
33. Sinangga astanipun.  
 gadanira rinebat agupuh. hal. 72  
 gada keni gya sinebataken aglis.  
 Kalajugul niba kantu.  
 Ki Candala prapta gupoh.
34. Punggawa jalma dulu.  
 lamun wadya dita ganti maju.  
 arya manising ujar amit miyosi.  
 wusing ngiden sigra magut  
 prapteng rananggana panggoh.
35. Ayun-ayunan sampun.  
 sang Candala lan sang Manis tembung.  
 sang Candala sigra angayati bindi.  
 Sabda Manis gya pinupuh.  
 aganti pupuh pinupuh.
36. Gada kalihnya rempu.  
 buwang gada narik pedhangipun.  
 rame denya apedang pinedang uthik.  
 langkung rame yudanipun.  
 adangu tan wonten kasor.
37. Kasliring yudanipun.  
 Arya manis ujar soring pupuh.  
 Ki Ngabei Elingan nulya nulungi.  
 kalih Arya Bagus Lurus.  
 kalih sareng nander gupoh.
38. Punggawa ditya dulu.  
 Arya Lalen dwi Ala magut. hal. 73  
 prapta ngrana gya kapangguh sami kalih.
- saya menghalang.  
 hati manusia yang ingin cerdas  
 nah coba apa yang ada dalam dirimu itu.  
 Kalajugul segera mengambil.  
 gadanya segera memukul.
- disangga tangannya.  
 gadanya segera direbut.  
 gada dapat direbut segera dipukulkan.  
 Kalajugul jatuh pingsan.  
 Ki Candala segera datang.
- Punggawa manusia melihat.  
 bahwa pasukan raksasa berganti maju.  
 Arya Manising Ujar minta diri untuk keluar.  
 sesudah diberi izin segera menyerang.  
 tiba di medan perang berjumpa.
- sudah berhadap-hadapan.  
 Sang Candala dan Sang Manis Tembung.  
 Sang Candala segera menggenggam gada.  
 Sabda Manis segera dipukul.  
 bergantian saling memukul.
- kedua gada hancur.  
 gada dibuang menarik pedangnya.  
 ramai olehnya saling pedang.  
 lebih seru perangnya.  
 lama tidak ada yang kalah
- terpaut sedikit perangnya.  
 Arya Manis Ujar kalah perangnya.  
 Ki Ngabei Elingan segera menolong.  
 dengan Arya Bagus Lurus.  
 keduanya segera lari bersama.
- punggawa raksasa melihat.  
 Arya Lalen dan ki Ala menyerang  
 di medan perang segera berjumpa keduanya.

- dadya tanding prangipun.  
eling tanding lali kang wong.
39. Ki Ala wus kapanguh.  
lawan Arya Bagus tandingipun.  
caruk kuwel prangira punggawa kalih.  
uleng prasamya agelut.  
kalihira ganti kasor.
40. Kalihnya samya pengkuh.  
dugang dinugang ganti anjagur  
mungsuw rowang suraknya mawanti-wanti  
ing kang yuda kuwel gelut.  
dangu datan wonten kasor.
41. Rehning kawon apengkuh.  
para mantri manungsa lan diyu.  
kathah kasor yudane punggawa jalmi.  
  
denira prang tanding mau.  
sarta kawon kathahing wong.
42. Ji lu tandingira.  
ping kalihnya kawon tekatipun.  
wadya jalma kirang tekating ngajurit.  
wau ing kang yuda dangu.  
kalih dereng wonten kasor.
43. Nulya kasaput dalu. hal. 74  
tinetegan mundur kalhipun.  
dalu raja raseksa bujana ngenting.  
lan sagung punggawanipun.  
dahat suka katri katong.
44. Gantya ing kang winuwus.  
Sri Gandana bujana ing dalu.  
lawan sagung punggawa mantri bupati.  
sang prabu ngandika arum.  
eh ta patih karsaning ngong.
45. Sesuk aja angadu.  
para mantri punggawa panewu..
- menjadi perang satu lawan satu.  
Eling tanding melawan Lali.
- Ki Ala sudah bertemu.  
dengan Arya Bagus lawannya.  
bergulat perangnya kedua punggawa.  
sama-sama bergulat.  
keduanya bergantian mengalahkan.
- keduanya sama-sama kokoh.  
saling menendang bergantian memukul.  
musuh teman bersorak keras.  
yang berperang merangkul bergulit.  
lama tidak ada yang kalah.
- karena kalah kokoh.  
para santri manusia dibanding raksasa.  
banyak yang kalah perangnya punggawa  
manusia  
olehnya perang tersebut.  
serta kalah banyaknya orang.
- satu banding tiga lawannya.  
yang kedua kalah tekadnya.  
prajurit manusia kurang bersemangat berperang.  
tersebutlah perang itu lama.  
keduanya belum ada yang kalah.
- segera tertutup malam.  
terhalang keduanya pun mundur.  
malamnya raja raksasa berpesta sepuasnya.  
dengan segenap punggawanya.  
ketiga raja sangat gembira.
- Ganti cerita.  
Sri Gandana makan di malam hari.  
dengan segenap punggawa mantri bupati.  
Sang Prabu berkata lembut.  
hai patih kehendakku.
- besok jangan mengadu.  
para mantri punggawa panewu.

- tanpa wekas alawas rampunging kardi.  
akeh punggawaning mungsuh.  
murih gelising prang pupuh.
46. Sira dhewe lan ingsun.  
angawaki dhewe metu pupuh.  
anganggoa pasang gelar ing ajurit.  
Konggapati gelaripun.  
garuda nglayang kinaot.
47. Sandika mantri ngayun.  
gya rinakit dalu gelaripun.  
kang minangka awaking sri bupati. 6)  
pangulu saketipun.  
rumeksa wuri sang katong.
48. Ingkang minangka patuk. hal. 75  
Suratulis senapati pupuh.  
sawadyane tuwin sagunging prajurit.  
kang minangka sirahipun.  
patih wignyasastra kaot.
49. Samantrinya sadarum.  
lawan Sura Elingan puniku.  
kalihira ing sirah dipun enggoni.  
Suramarma Ki Tumenggung.  
kalih Suratiti manggon.
50. Minangka dadya buntut.  
samantrinya rangga lan panewu.  
dene ingkang minangka dadi suwiwi.  
penjabat sasabetipun  
ngayuda suwiwi karo.
51. Sagung para tumenggung.  
adipati sapanekaripun.  
de kang dadya panjawatira ing kering.  
catur nayaka gegehdruk.  
Sura Elingan sang anom.
52. Kalihira tumenggung.  
Suradriyah prawira ing pupuh.
- pekerjaan ini lama tidak berakhir  
banyak punggawa musuh.  
supaya perangnya cepat selesai.
- Engkau sendiri dan aku.  
kerjakan sendiri keluar berperang.  
pakailah memasang gelar perang.  
rajawali gelarnya.  
garuda melayang yang unggul.
- Mantri di depan berkata siap.  
malam itu segera disusun gelarnya.  
sebagai badannya Sri Bupati.  
pengulu dan semua ketipnya.  
menjaga dibelakang sang raja.  
yang sebagai paruh.  
Senapati perang Suratulis.  
beserta seluruh tentaranya juga segenap prajurit.  
yang sebagai kepala.  
Patih Wignya sastra yang unggul.
- dengan menteri-nya semua.  
dengan Sura Elingan itu.  
keduanya menempati kepala.  
Ki Tumenggung Suramarma.  
dengan Suratiti bertempat.  
yang sebagai ekor.  
seluruh menteri rangga dan panewu.  
adapun yang menjadi sayap.  
prajurit pengiring lengkap.  
keduanya bertempur sebagai sayap.
- segenap para tumenggung.  
adipati dan seluruh penjaganya.  
yang menjadi pengiringnya di kiri.  
keempat pemimpin andalan.  
Sura Elingan yang muda.
- yang kedua tumenggung.  
Suradriyah perwira dalam perang.

- katrinira Sura Andap Asor luwih, hal. 76  
caturira Ki Tumenggung.  
Surangapura atunggon.
53. Penjawat kananipun.  
catur bupati prawira punjul.  
Ki Dipati Surengmarma ing sasami.  
kalihira Ki Tumenggung.  
Surengtuhu ing wiraos.
54. Dene para tumenggung.  
anon anon kaparencan sampun.  
ambuwuh ingkang samya kaseser jurit.  
rembuknya ing dalu sampun.  
dadya pranung anung sagoh.
55. Enjingira kawuwus.  
atengara mijosing prang pupuh.  
mawurah ambende kendhang gong lan beri.  
wor surakireng wadya gung.  
krebeting bandera awor.
56. Warna warna kang tunggul.  
lira para bupati sadarum.  
mungsuw rowang wus samya anata baris.  
balabar lir samodra gung.  
rakiting gelar wus dadya.
57. Wau ta duk andalu.  
raja ditya akagyat ing kalbu, hal. 77  
dene mungsuwira rakiting salin.  
mawi gelar aprangipun.  
garudha nglayang pakewoh.
58. Sakedhap emeng jetung.  
Sri Narendra sru ngandikanipun.  
dhateng ingkang rayi narapati kalih.  
yayi prabu kalihipun.  
nimbangana ratu mungsoh.
59. Pasang agelar gupuh.  
kanggapati grudanglayang iku.
- yang ketiga Sura Andap Asor luwih.  
keempat Ki Tumenggung.  
Surangapura menunggui.
- sayap sebelah kanan.  
ialah empat bupati yang sangat perwira.  
Ki Dipati Surengmarma bersama.  
yang kedua Ki Tumenggung.  
Surengtuhu Ing Wiraos.
- Adapun para tumenggung.  
yang sakti sudah terbagi.  
membantu yang terdesak.  
perundingan di malam itu sudah.  
menjadi kesepakatan.
- esok harinya diceritakan.  
keluarlah aba-aba berperang.  
bergemuruh bende, kendang, gong dan beri.  
bercampur sorakan segenap pengikut.  
kelebat bendera bercampur.
- aneka macam panji.  
panji para bupati semua.  
teman musuh sudah bersama menyusun barisan.  
menyebarkan bagaikan samodra luas.  
susunan gelar sudah terbentuk.
- tersebutlah ketika melihat.  
raja raksasa terkejut dalam hati.  
sebab musuhnya berganti susunan.  
memakai gelar perang.  
Garuda Melayang.
- sejenak diam termangu.  
Sri Raja berkata keras.  
pada kedua raja adiknya.  
adik prabu berdua.  
imbangilah raja musuh.
- segera pasanglah gelar.  
Rajawali Garuda Melayang itu.

- sira roro ingsun pangulu lan ketip.  
modin merbot lawan sagung.  
ngulama merdikan kang wong
60. Dadia awakipun.  
mung gegithok poma dipun bakh.  
kang minangka sirahira si dipati.  
Durgangansa lawan sagung.  
mantri punggawa ponang wong.
61. Dene kang dadya patuk.  
Kalatrima lan Kaladurgeku.  
sakancane ngabei panewu buntut. hal. 78  
  
bupati jeksa Trigolong.
62. Panjawat kiwa iku.  
pra nayaka nem belas kehipun.  
Lalijiwa Emankalong Cukeng katri.  
catur kumet Cethyl iku.  
Ijir Dakdir Ladak Angkoh.
63. Sapuluhnya Kumingsun.  
Digung Ngepak Nihaya tumenggung.  
Ki Pitenah Misesa Murka ing Budi.  
ing panjawat kiwa iku.  
panjawat tengen kehing wong.
64. Rong puluh pra tumenggung.  
Jail Baki Wit Mathithil telu.  
catur Drengki Droi Ngumandaka tuwin.  
Dora Cara saptanipun.  
astha Karem Cidreng sagoh.
65. Geroh sapuluhipun.  
Same-gawe Tahanan puniku.  
lan Tusenggung Mareman Kolon utawi.  
siya-siya rowangipun.  
Tan Walasan Ati Kolon.
66. Badigal salihipun.  
Cunanangan Kurangajar Mlincur. hal. 79  
Yak-iyakan Culalatan romangneki.
- kalian berdua. aku, penghulu, dan ketip.  
modin. merbot dengan semua.  
para ulama bebas.  
  
menjadi badannya.  
hanya tengkuk hendaknya dikuatkan.  
yang sebagai kepalanya si Adipati.  
Durgangsa dengan semua.  
orang mantri punggawa.  
  
adapun yang menjadi paruh.  
Kalatrima dan Kaladurga.  
dengan seluruh temannya Ngabei Panewu  
sebagai ekor.  
bupati jaksa tiga kesatuan.  
  
yang menjadi sayap kiri itu.  
para pemimpin enam belas banyaknya.  
ketiga lalijiwa Emankalong Cukeng.  
yang keempat Kumet Cethyl.  
Ijir. Dakdir. Ladak. Angkuh.  
  
sepuluhnya Kumingsun.  
Tumenggung. Digung. Ngepak. Nihaya.  
Ki Pitenah. Misesa. Murka Ing Budi.  
itulah di sayap kiri.  
sayap kanan banyaknya orang.  
  
dua puluh tumenggung.  
ketiga Jail. Baki. Wit Matitil.  
keempat Drengki. Droi. Ngumandaka juga.  
Dora Cara yang ketujuh.  
kedelapan karem. Cidreng Saguh.  
  
Geroh yang kesepuluh.  
gawe-gawe tahanan.  
dan Tumenggung Mareman kolon atau  
sia-sia temannya.  
Tan Walasan Ati Kolon.  
  
ada lagi Badigal.  
Cunanangan Kurangajar Mlincur.  
Yak-yakan Culalatan temannya.

- jangkep bupati rong puluh.  
dene tumenggung non anon.
67. Iku jaga bubuwuh.  
anulungi kang repat ing pupuh.  
wusnya dadi kang rakit gelaring jurit.  
ki patih ngabani magut.  
wadya gung surak gumuroh.
68. Kadi alun gumulung.  
gunging bala raksasa lan diyu.  
tempuh ing prang gandarwa kalawan jalmi.  
  
datan kena liru mungsuh.  
kalangkung rame prang popor.
69. Kang patuk samya patuk.  
sira pangguh samya sirahipun.  
buntut samya buntut denira ajurit.  
panjawat suwiwi tempuk.  
samya sumiwi prang popor.
70. Manungsa aprangipun.  
tekad patih datan nedya mundur.  
pranging ditya gumulung angiles wani.  
  
tabahan kendhang gong umung.  
binarung surak gumuroh.
71. Rowang kalawan mungsuh.  
sareng surak lir prawata rubuh.  
  
krenging wiyat jawata samya ningali.  
angudanken arum-arum.  
sori-sori ngrana abyor.
72. Weh ayem manungseku.  
yudanira ingkang dadya buntut.  
pra bupati manungsa nguciri giris.  
dhadhal ngungsi wurinipun  
ing dhadha utawi githok.
- genap dua puluh bupati.  
adapun tumenggung yang sakti.  
  
itu bantuan perlindungan.  
menolong yang kerepotan dalam perang.  
sesudah selesai susunan gelar perang.  
Ki Patih memberi aba-aba menyerang.  
segenap pasukan bersorak bergemuruh.  
  
seperti ombak bergulung.  
segenap prajurit raksasa dan Diyu.  
bertemu dalam perang raksasa melawan  
manusia.  
tidak dapat berganti musuh.  
sangat ramai perang berkecamuk.  
  
paruh bertemu sama paruh.  
kepala bertemu sama kepala.  
ekor dengan ekor olehnya berperang.  
sayap bertemu sayap.  
sama-sama sayap perang mengamuk.  
  
perangnya manusia.  
tekad patih tidak akan mundur.  
perangnya raksasa bergulung-gulung  
menginjak-injak dengan berani.  
bunyi kendang gong ramai.  
diiringi sorakan bergemuruh.  
  
teman dan musuh.  
bersama-sama bersorak seperti gunung  
yang runtuh.  
diangkasa para dewa pada melihat.  
menjatuhkan wewangian.  
oleh bidadari merata di medan perang.  
  
memberi ketentrangan pada manusia itu.  
perangnya yang sebagai ekor.  
para bupati berlarian ngeri.  
haneur mengungsi di belakang  
bagian dada atau tengkuk.

73. Panjawat sareng larut.  
Kyana patih Surasastra dulu.  
sekpengkarna dukanya yayah sinipi.  
krodha mangkrak sigra ngamak.  
sing katrajang larut bodhol.
74. Awas denira dulu.  
Adipati Kalasastra bendu.  
dahat denya krodha sigra mangsah aglis  
prapteng pabaran pangguh.  
nulya mangsah ing palugon.
75. Mangkrak angiwat ngiwut.  
ngowak kawik sing katrajang mawut.  
bubar-bubar sagunging mantri prajurit.
- Patih Surasastra gupuh. hal. 81  
tulong mapagaken gupoh.
76. Ngadhangi ngayunipun.  
Adipati Kalasastra dulu.  
tetanya sru sapa angadhangi mami.  
baya sira arsa lampus.  
apasrah jiwa maringong.
77. Surasastra sumaur.  
sakayunta yen wus takdiringsun.  
linaden ing sira ingsun tan gumingsir.  
balik sira prang lan ingsun.  
aja gumingsir den tanggon.
78. Kalasastra sru muwus.  
iya singatiwasa ing pupuh.  
dhasar sira tandhingingsun ing ajurit.  
sira yun marsudi sagung.  
sakaliring sastra enjoh.
79. Lan wignya tembung alus.  
iku lamun isih ana kartu.  
gedhe cilik lawan isih ana kartu.  
gedhe cilik lawan isih dhadhu posing.
- sayap hancur bersama.  
Ki Patih Surasastra melihat.  
sesudahnya marahnya bukan main.  
berteriak marah segera mengamuk.  
siapa yang keterjang hancur luluh.
- Awas olehnya melihat.  
Adipati Kalasastra marah.  
sangat murka segera dia maju.  
sampai di medan perang bertemu.  
segera maju berperang.
- dengan marah mengamuk sekenanya.  
mengamuk yang keterjang bubar.  
banyak segenap mantri prajurit yang  
bubar.  
Patih Surasastra segera.  
menolong menghadang dengan cepat.
- menghadang didepannya.  
Adipati Kalasastra melihat.  
bertanya keras siapa yang menghadangku.  
apa kamu ingin mati.  
menyerahkan nyawa padaku.
- Surasastra menjawab.  
sekehendakmu jika sudah takdirku.  
kaulayani aku tidak akan bergeser.  
sebaliknya engkau berperang denganku.  
jangan bergeser hendaklah tetap kokoh.
- Kalasastra berkata lantang.  
iya siapa yang mati dalam perang.  
memang engkau lawanku berperang.  
kamu hendak memelihara semua.  
semua sastra bisa.
- dan pandai berkata-kata halus.  
itu jika masih ada kartu.  
besar kecil dan masih ada kartu.  
besar kecil dan masih ada dadu berputar.

- keplok gimer ngadu sawung.  
pasthi sira minggok mrono.
80. Surasastra lingnya rum.  
iya singa kang tawayuh kalbu. hal. 82  
kaya nora mangkono lamun sujalmi.  
kadya kobudhanga sewu.  
yen eling pasthi tan kegoh.
81. Singa kasliring lampus.  
Kalasastra ngayat gadanipun.  
Ki Dipati Sarjana sigra anarik.  
katganira sareng tempuh.  
gada lan curig awor.
82. Arame puh pinupuh.  
kalihira sami suranipun.  
ganyta bindi binindi tan migunani.  
buwang bindi kalhipun.  
aruket kalih caruk wor.
83. Ruket kumel agelut.  
mungsuh rowang suraknya gumuruh.  
kalih dereng wonten kang kasoran titih.  
kang yuda kasapuh dalu.  
tinetegan mundur karo.
84. Ing dalu sang aprabu.  
Kalacingkara bujana nginum.  
suka-suka lawan sagung pra dipati.  
sang nata ngandika arum.  
sesuk yen metu ing pupoh.
85. Cekelen den kapikut. hal. 83  
si dipati Surasastra iku.  
ki dipati Kalasastra turnya aris.  
benjing yen mijil ing pupuh.  
sun sambu mungkur kemawon.
- menepuk dadu mengadu ayam jago.  
pasti kamu berbelok kesitu.
- Surasastra berkata lembut.  
iya demikian yang hatinya mendua.  
tidak demikian jika manusia baik.  
seperti kera seribu.  
jika waspada pasti tidak terpicat.
- siapa terlena mati.  
Kalasastra menggenggam gadannya.  
Ki Dipati Sarjana segera menarik.  
kerisnya bersama memukul.  
gada dan keris menyatu.
- ramainya pukul-memukul.  
keduanya sama-sama berani.  
berganti saling membindi tidak ada gunanya.  
keduanya membuang bindinya.  
keduanya saling rangkul menjadi satu.
- merangkul bergulet.  
musuh, teman bersorak bergemuruh.  
keduanya belum ada yang kalah menang.  
perang itu terhalang malam.  
terhalangi kemudian kedua belah pihak  
mundur.
- Di malam hari sang raja.  
Kalacingkara makan minum.  
berpesta dengan segenap para adipati.  
Sang raja berkata lembut.  
besok jika keluar dalam peperangan.
- tangkaplah agar tertawan.  
Si Adipati Surasastra.  
Ki Adipati Kalasastra berkata lembut.  
besok jika keluar dalam peperangan.  
saya tangkap sambil membelakanginya saja.

## V. Pangkur (45)

1. Nengna ingkang manggung suka.  
kawuwusa Sri gandana sang aji.  
bujana lan punggawa gung.  
sarta gineming yuda.  
dene manggung akasoran yudanipun.  
paran wekasane baya.  
umatur rekyana patih.  
Biarkanlah yang sedang berpesta.  
Diceritakan Sang Raja Sri Gandana.  
makan bersama segenap punggawa.  
serta membicarakan peperangan.  
sebabnya terus menerus kalah dalam perang.  
akhirnya datang berjanji.  
Rakyana patih sambil berkata.
2. Duh Gusti Sri Naranata.  
benjing enjing kawula ngantep jurit.  
lawan kiyai Pangulu.  
sumedya sabilolah.  
ki pangulu sakancanira umatur.  
leres ki lurah aturunya.  
inggih gusti benjing enjing.  
Aduh gusti Sri Paduka Raja.  
besok pagi hamba bertekad maju perang.  
dengan kyai penghulu.  
bersedia perang sabil di jalan Allah.  
Ki pangulu dan seluruh temannya berkata.  
benar perkataan ki lurah itu.  
benar gusti besok pagi.
3. Kawula angantep yuda.  
tan kawarna ing dalu byarna enjing.  
tengara metu prang pupuh.  
mungsuw rowang wus medal.  
ki pangulu kang dadya panjawatipun. hal. 84  
Adipati Wignyasastra.  
kang mungging patukireki.  
Hamba bertekad maju berperang.  
tidak diceritakan di malam hari. pagi merekah.  
tanda pertempuran telah mulai.  
musuh sudah keluar.  
Ki pangulu yang menjadi prajurit pengiring.  
Adipati Wignyasastra.  
yang berada dimukanya.
4. Ki Tumenggung Suramarma.  
sampun rakit gelarireng ngajurit.  
ki patya ngabani sampun.  
angangсахaken wadya.  
mungsuw romang angabani sareng magut.  
asareng tempuh ing yuda.  
winor surakireng dasih.  
Ki Tumenggung Suramarma.  
sudah menyusun gelar perang.  
ki patih sudah memberi aba-aba.  
memajukan prajuritnya.  
musuh juga bersama memberi aba-aba  
berperang.  
bersama bercampur dimedan perang.  
bercampur dengan soraknya para prajurit
5. Wor pangrikireng turangga.  
Sarta tetek tengaraning ngajurit.  
manungsa kalawan ditu.  
tambur bendhe lan gangsa.  
tengarani raseksa kendhang gong bedhuk.  
bercampur dengan ringkikan kuda  
serta aba-aba peperangan.  
manusia melawan raksasa.  
tambur bende dan gangsa  
aba-aba raksasa kendang, gong, bedhuk.

- gubar beri mawuruhan.  
kadya belah kang pratiwi.
6. Ki Pangulu sigra mangsah.  
saha para ngulama ketib modin.  
sumahap sareng anempuh.  
punggawa ditya panggah.  
kuweling prang arame lawung linawang.  
tandange wadya raseksa.  
kadya bantheng taman kanin.
7. Pra punggawa gandarwa. hal. 85  
samyang mangsah gumulung golong pipis.  
Kalacubriya angamuk.  
Kalakibir rowangnya.  
katri Kalatekabur sareng angamuk.  
ngisis kang bala manungsa.  
tan ana kang mangga pulih.
8. Adipati Surasastra.  
duk umiyat wadya manungsa ngisis.  
sakalangkung dukanipun.  
sarta sru sabdanira.  
lah ta sagung pra prawira nun anung.  
yagene padha ngusira.  
tanpa tekat prangireki.
9. Adipati Surasastra.  
mangsah dharat krodha ngawek bek pati.  
  
wadya wil ditya maleduk.  
singa kaparak bubar.  
Ki Dipati Kilasastra mangsah kiwul.  
kapangguh ayun-ayunan.  
Surasastra nempuh wani.
10. Kasaliring Ki Kala. 8)  
Jiwa kena jinegal kaluma sampun.  
jajanya tinunggang. hal. 86  
ngathang-ngathang sasambat aminta ampun.  
Prabu Kalakarna miyat.  
lan Prabu Locana aglis.
- gong gubar. gong beri bergemuruh.  
seperti akan membelah bumi.
- Ki Pangulu segera maju.  
juga para ulama ketib modin.  
memenuhi sambil bersama bertempur.  
punggawa raksasa tetap kukuh.  
bergelut perang ramai bunyi tambah terbuka.  
tingkah tentara raksasa itu.  
seperti banteng terluka.
- para punggawa raksasa  
bersama-sama maju serempak.  
Kalacubriya mengamuk.  
ditemani Kalakibir.  
ketiga Kalatekabur bersama mengamuk.  
menghabiskan pasukan manusia.  
tidak ada yang mau kembali.
- Adipati Surasastra.  
melihat prajurit manusia bubar.  
sangatlah marahnya.  
serta keras suaranya.  
hai segenap pervira terpilih.  
apa sebab kalian dikejar-kejar.  
tanpa kemandapan hati olehmu berperang.
- Adipati Surasastra.  
maju jalan kaki mengamuk seperti mencari  
mati.  
prajurit raksasa bergerombol.  
siapa yang didekati segera bubar.  
Ki Adipati Kalasastra membalas maju.  
bertemu berhadap-hadapan.  
Surasastra berani menyerang.
- bada Ki Kala.  
jiwa berhasil dijatuhkan terlentang.  
dadanya ditindih.  
terlentang merintih minta ampun.  
Prabu Kalakarna meloncat.  
dan Prabu Locana segera.

11. Kalihnya sami lumalya.  
 anulungi Ki Kalajiwa patih.  
 Surasastra gya sinaut.  
 githokira sing wuntat.  
 gya sinendhal dhateng Kalakarna Prabu.  
 Surasastra kinalihan.  
 sigra wau sri bupati.
12. Sri Gandana tulung sigra.  
 awas dulu Sang Kalacingkara ji.  
 enggal denira tetulung.  
 kapanggih sami raja.  
 langkung rame tarik tinarik adangu.  
 semu kasor yudanira.  
 Sri Gandana narapati.
13. Kasapih suruping arka.  
 tinetegan mundur kalih kang jurit.  
 amakuwon kalihipun.  
 Sri Cingkara bujana.  
 kawuwusa Sri Gandana sang aprabu.  
 bujana semu sungkawa.  
 ngandika dhateng kya patih.
14. Lah ta patih kaya ngapa.  
 ing ngayuda agung kasoran titih. hal. 87  
 kyai patih wot sari matur.  
 duh gusti sri narendra.  
 kadya paran ing karsa gusti sang mulkun.  
 patikora sumonggeng karsa.  
 kawula darmi nglampahi.
15. Sanadyan prapteng pralaya.  
 anglampahi karsa jeng sri bupati.  
 tan nedya gingsir sarambut.  
 sang prabu ris ngandika.  
 iya ingsun tarima setyanireku.  
 nanging sangka karsaningwang.  
 sun ngupaya sarya mangkin.
- keduanya berlari.  
 menolong Ki Patih Kalajiwa.  
 Surasastra segera diraih.  
 kuduknya dari belakang.  
 lalu disentakkan oleh Prabu Kalakarna.  
 Surasastra dikeroyok dua.  
 segeralah Sri Bupati.
- Sri Gandana segera menolong.  
 Sang Raja Kalacingkara melihatnya.  
 segera memberi pertolongan.  
 bertemu sama-sama raja.  
 lebih ramai dan lama saling tarik menarik.  
 hampir kalah bertempurnya.  
 Raja Sri Gandana.
- terhentikan oleh terbenamnya matahari.  
 mundurlah kedua pihak yang berperang.  
 keduanya kembali.  
 Sri Cingkara berpesta.  
 diceritakan Sang Prabu Sri Gandana.  
 makan sambil bersedih.  
 berkata pada Ki Patih.
- Wahai Patih mengapa.  
 dalam berperang kita kalah.  
 Ki Patih menyembah sambil berkata.  
 aduh gusti raja.  
 seperti bagaimana kehendak gusti raja.  
 terserah segala kehendakmu.  
 hamba wajib menjalani.
- walaupun sampai mati.  
 menjalankan kehendak raja Sri Bupati.  
 tidak akan surut walaupun serambut.  
 Sang raja berkata lembut.  
 iya saya terima kesetiaanmu  
 tetapi dari keinginanmu.  
 saya mencari jalan sekarang.

16. Marga ingsun ngrungu swara.  
sangka goip sasmitaning Ywang Widi.  
kulon kene ana gunung.  
aran ing Rasamala.  
kono ana pandhita anggentur laku.  
waspada mring dhirinira.  
bisa mati jroning urip.
17. Urip sajroning alona.  
apeparap Sang Resi Jati Ening.  
iya sidik iman tuhu.  
sidik paningalira.  
bisa ngraga suksma liru dhirinipun.  
sakabatira tetiga. hal. 88  
katrinya prawira sakti.
18. Iku arsa sun resaya.  
suka lila ingsun dadia cantrik.  
janji bisa angreh ingsun.  
marang Gandarwa raja.  
sakadenge kang gawe pamurung laku.  
  
katrinya angestu pada.  
tan rencana karsa mami.
19. Sun arsa linggar priyangga.  
nglugas raga tan gawa dasih siji.  
  
sira karia atunggu.  
pakuwon ngayumana.  
pra bupati aywa na metu ing pupuh.  
  
yen mungsuh metu ing rana.  
sira kasukana sami.
20. Den agung asuka-suka.  
neng pakuwon dimen aywa katawis.  
poma patih den mituhu.  
kya patih tur sandika.
- sebab saya mendengar suara.  
ghaib pertanda dari Hyang Widi.  
di sebelah barat ada gunung.  
bernama Rasamala.  
disitu ada pendeta yang sangat teguh bertapa.  
waspada terhadap dirinya.  
bisa mati di dalam hidup.  
  
hidup di dalam mati.  
bernama Sang Resi Jati Ening.  
ia sangat beriman dan tahu segala sesuatu.  
tajam penglihatannya.  
bisa meragu suksma berubah diri.  
sahabatnya tiga orang.  
ketiganya perwira sakti.  
  
Itulah pertolongan yang aku kehendaki.  
saya rela menjadi cantrik.  
asalkan bisa menguasai.  
raja raksasa.  
dan saudaranya yang menjadi penghambat  
pekerjaan.  
ketiganya sama-sama berbakti.  
tidak jahat keinginanku.  
  
saya akan pergi seorang diri.  
berpakaian sederhana dan tidak membawa  
pembantu seorangpun.  
kamu tinggallah menunggu.  
lindungilah tempatmu.  
para bupati jangan ada yang tampil dalam  
peperangan.  
jika musuh tampil di medan perang  
kalian berpestalah.  
  
bersuka-rialah.  
di tempat supaya jangan terlibat.  
Patih sungguh-sungguh menurut perintah.  
Ki Patih berkata baiklah.

- sri narendra sigra mentar sing kadhatun.  
kya patih lan pra dipatya.  
bujana kasukan sami.
21. Umung kang tabah tabahan.  
kadya datan sungkawa kapyarsi.  
ngantos siyang taksih umyung. hal. 89  
tan sedal ing ngayuda.  
mengah dadya animbangsi datan metu.  
ginalih ngasoni wadya.  
kang samya asor ing jurit.
22. Kocapa wau sang nata.  
Sri Gandana ingkang linggar ing wengi.  
tan ana wadya kang weruh.  
lampahnya prapteng wana.  
kawlas arsa lampahira sang aprabu.  
angambah madyaning wana.  
bubar sato ing wanadri.
23. Lumayu angungsi ngarga.  
tuwin guwa jurang parung tarebis.  
nengna kang lagya lelaku.  
aneng madyaning wana.  
kawuwusa padhepokannya sang wiku.  
ing parbata Rasamala.  
rinarengga langkung asri.
24. Ardi geng pucak arata.  
marganira munggah ngubengi wukir.  
tan bangkit metu Iyanipun.  
marga serung kaliwat.  
sarta bondhot akathah babayanipun.  
agawat kaliwat-liwat. hal. 90  
jalma mara mara mati.
25. Kang arga kalangkung pelak.  
ponang marga pujanira sang resi.  
tepining arga tinurut.  
pethetan palakirna.  
ingkang sarwa peni peni adiluhung
- Sri raja segera pergi dari istana.  
Ki Patih dan para Adipati.  
berpesta semua.
- hanya kuat-kuatan.  
seperti tidak terdengar adanya kesedihan.  
sampai siang masih ramai berpesta.  
tidak keluar berperang.  
musuh mengimbangsi tidak keluar.  
dipikirmya sedang mengistirahatkan prajuritnya.  
yang kalah dalam perang.
- diceritakan di atas sang raja.  
Sri Gandana yang pergi di malam hari.  
tidak ada pengikut yang mengetahui.  
perjalanannya sampai di hutan.  
mengharukan perjalanan sang raja.  
merambah di tengah hutan.  
bubarlah hewan-hewan di hutan-hutan gunung.
- berlari mengungsi ke gunung.  
juga ke gua, jurang dan tempat-tempat sulit.  
biarkanlah yang sedang menempuh perjalanan.  
di tengah hutan.  
diceritakanlah padepokan Sang Biku.  
di gunung Rasamala.  
dihiasi sangatlah indah.
- gunung besar dengan puncak rata.  
jalan untuk naik mengelilingi gunung.  
tidak bisa lewat jalan lain.  
jalannya terlalu terjal.  
serta berbelit banyak bahayanya.  
sangat berbahaya.  
barang siapa datang akan mati.
- gunung itu banyak bahayanya.  
jalan yang menuju tempat pemujaan Sang Resi.  
di sepanjang tepi gunung.  
aneka macam pohon buah-buahan.  
yang serba sangat indah.

26. Araning kang palakirna.  
urut marga gurda ingkang miwiti.  
sajodho mungging ngayun.  
nulya angšana soka.  
wuni gayam elo kepel jajaripun.  
kamal kapi dhondhong jaran.  
nyamplung cemara kenari.
27. Kokosan kecapi kema.  
dhuwet dhuku capedhak rubi-rubi.  
manggis mondhalika pundhung.  
semak suren rambutan.  
jeruk jarak sawo pala lawan tanjung.  
rambutan pelem sriganda.  
tiris gadhing anjajari.
28. Karya enggaling carita, hal. 91  
palakirna sakalir amepeki.  
kanan kering marga wau.  
dene ing nginggilira.  
ingkang sampun celak padhepokanipun.  
sasekaran urut marga.  
mungging apot warna-warni.
29. Sakaliring sori ana.  
saha sekar kathah kang sarwa adi.  
gandanira amrik arum.  
mulek luhuring marga.  
panekungan masjidira tuhu bagus.  
rinarengga langkung endah.  
neng tengah segaran alit.
30. Sajawining yasa kambang.  
langgar ageng ngajengira surambi.  
kocapa wau sang wiku.  
Jati Ening samana.  
lenggah mungging madyanira langgar agung.  
sabat katri mungging ngarsa.  
sang wiku ngandika aris.
- adapun nama macam pohon buah-buahan itu.  
urut dari jalan mulai dari pohon beringin.  
sepasang terletak di depan.  
kemudian bunga Asana.  
wuni gayam elo kepel berjajar.  
kamal kapi kedondong.  
nyamplung cemara kenari.
- kokosan kecapi kema.  
duwet duku cempedak rubi-rubi.  
manggis mandalika pundong.  
kesemak durian rambutan.  
jeruk jarak sawo serta tanjung.  
rambutan mangga Sri Gandana.  
kelapa gading berjajar.
- ringkas cerita.  
aneka macam pohon buah-buahan memenuhi.  
kiri kanan jalan itu.  
adapun di atasnya.  
yang sudah dekat ke padepokan.  
aneka macam bunga sepanjang jalan.  
terletak di dalam pot berwarna-warni.
- segala macam bunga ada.  
juga banyak bunga yang serba indah.  
baunya harum mewangi.  
mengumpul di atas jalan.  
masjid tempat pemujaan sungguh bagus.  
dihias sangat indah.  
ditengah kolam.
- dari luar dibuat seolah mengapung.  
surau besar dengan serambi di depannya.  
tersebutlah Sang Wiku.  
Jati Ening ketika itu.  
duduk di tengah surau agung.  
ketiga sahabatnya ada di depannya.  
Sang Wiku berkata lembut.

31. Eh sakabat resikana.  
langgar iku lan gelarana lampit.  
garesik gedhe kang alus.  
anuli rangkepana.  
klasa pasir sarta rangkepana babut. hal. 92  
nuli sebarana kembang.  
mengko ana dhayoh prapti.
32. Ratu kekasihing suksma.  
nglugos raga amindha pekir miskin.  
mengko neng sukuning gunung.  
tanpa rowang lampahnya.  
lah ta Luwih sira amapakna gupuh.  
Ki Luwih wot sari mentar.  
gya tumurun saking ardi.
33. Gantya ingkang kacarita.  
lampahira ingkang amindha darwis.  
prapta neng sukuning gunung.  
dahat eram tumingal.  
de margane sajuga ngubengi gunung.  
kanan kering tinanduran.  
palakirna amepeki.
